

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Objék ieu panalungtikan nya éta novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri, anapon nu jadi talaahna nya éta nganalisis novél disawang tina jihat struktural anu ngagunakeun téori Robert Stanton. Salian ti éta ieu panalungtikan nganalisis unsur semiotik (ikon, indéks, simbol) anu ngagunakeun téori Charles Sanders Peirce sarta dilarapkeun jeung dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran apresiasi sastra di SMA. Dumasar hasil analisis struktural, semiotik, jeung larapna dina pangajaran aprésiasi sastra bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Sacara struktural hasil nu aya dina novél *Sudagar Batik* téh **témana** nya éta perjuangan manusa enggoning ngudag kasenangan dunya. Éta téma kagambar dina perjuangan tokoh utama anu bajoang dagang batik, ti mimiti jadi kuli nepi ka jadi juraganna (bos), tur hirupna jadi robah nu asalna sangsara ahirna jadi beunghar nepi ka jadi sudagar anu dipikasérab. **Fakta carita** anu aya dina novél ngawengku galur, latar, jeung palaku. Galur anu dipaké dina ieu carita nya éta galur mundur. Carita dimimitian ti bagian ahir heula atawa pamungkas. Bagian saterusna mah mangrupa runtuyan kajadian anu nerangkeun awal lalakon atawa sabab musabab carita, nu kaalaman ku para tokohna, latar anu digunakeun dina ieu carita aya tilu, nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat réréana di imah atawa di lembur, sawah, tajug, sedengkeun ari latar waktu nu kagambar réréana aya beurang, peuting, isuk-isuk, bulan Puasa, jeung Lebaran, kitu deui latar sosial anu kagambar nya éta tingkatan atawa strata sosial: luhur, sedeng, jeung handap, palaku dina ieu carita réa pisan, tapi nu jadi palaku utama mah ngan aya genep urang nya éta Bi Arwiah, Murtasan (bapa Si Kasja), Kasja, Kasné, Sanukri jeung Abah Alkasan. Tokoh nu séjénna mah mangrupa tokoh tambahan nu jadi panglengkep carita. **Sarana carita** anu aya dina ieu novél

ngawengku judul, puseur panitén, gaya basa/nada jeung suasana. Judul novél ieu nya éta *Sudagar Batik*, éta judul téh geus jadi panuduh yén eusi caritana ngalalakonkeun kahirupan jalma anu bajoang jadi sudagar batik, puseur panitén anu digunakeun ku pangarang nya éta caturan jalma katilu, pangarang mosisikeun dirina di luareun carita. Anu dipidangkeunana palaku-palaku carita ku cara nyebut ngaran atawa kecap gaganti saperti *manéhna*, gaya basa nu digunakeun ku pangarang maké basa sapopoé, enteng, teu bulat-beulit, sakapeung sok maké babasan, paribasa, jeung purwakanti. Nada/suasana nu kagambar dina novél *Sudagar Batik* téh bisa kabagi jadi kaayaan/suasana pilemburan jeung suasana kajiwaan atawa haté nu patali jeung palaku. Nu ngagambarkeun suasana alam pilemburan nya éta suasana Désa, suasana peuting, suasana malem takbiran, suasana rék hujan, suasana paciweuh, sedengkeun nu ngagambarkeun suasana haté nya éta aya ambék, bungah, keuheul, sedih, sieun, kagét, kaduhung, jeung baluweng. Amanat ieu novél nya éta: (1) sagala pasualan anu keur karandapan kudu disanghareupan kalawan sabar, kudu asak jeujeuhan, dipikiran mana nu bener jeung mana nu goréng, (2) ulah nurutkeun hawa napsu, hirup kudu ngukur ka kujur, ulah ngudag teuing kasenangan dunya, (3) jadi jalma ulah sarakah, ambisius jeung panas, sabab engkéna bakal mawa kagoréngan ka dirina sorangan, (4) upama urang bener-bener digawé kalayan sosen-sosen tangtu hasilna ogé bakal hadé, (5) sagala amal jeung paripolah anu dipilampah tangtuna bakal meunang balesanana, lamun urang melak kahadéan pasti balesanana bakal hadé, sabalikna lamun urang melak kagoréngan pasti balesanna ogé goréng (*melak cabé jadi cabé, melak bonténg jadi bonténg*).

Salian ti analisis struktur, nu ditalungtik téh unsur semiotikna. Dumasar hasil analisis kapanggih tanda anu jumlahna aya 110, ngawengku 48 indéks, jeung 62 simbol, sedengkeun ikon mah henteu kapanggih.

Patalina jeung larapan kana pangajaran di sakola novél *Sudagar Batik* luyu dijadikeun alternatif pangajaran aprésiasi sastra di SMA lantaran eusina ngandung ajén moral anu hadé sarta cocok pisan jeung karakteristik sarta kapribadian murid di sakola.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan mangrupa analisis kasusastraan, anu disawang tina jihat struktur jeung semiotik. Bédana ieu panalungtikan téh dipatalikeun jeung pangajaran di sakola. Panalungtikan anu dilaksanakeun réréana dina widang budaya, pangajaran, jeung kabiasaan, sedengkeun anu nalungtik widang sastra tur dipatalikeun jeung pangajaran mah masih kénéh kurang.

Ieu panalungtikan tangtu can sampurna, ku kituna pikeun ngeuyeuban khasanah kasusastraan jeung nambahan pangaweruh anu leuwih jero dina widang sastra, kudu diayakeun panalungtikan séjén, tangtuna anu béda ulikan jeung masalahna. Aya sawatara saran pikeun kamajuan dunya kasusastraan jeug dunya atikan, saperti anu disebutkeun ieu di handap.

### 1) Pikeun dunya atikan.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran di sakola ku guru guru basa Sunda. Lamun bisa mah hasil panalungtikan langsung dilarapkeun kana pangajaran.

### 2) Pikeun mahasiswa

Tina ieu panalungtikan dipiharep aya nu nuluykeun deui dina widang jeung ulikan nu béda, sarta dipatalikeun jeung pangajaran séjénna sangkan bisa ngaronjatkeun dunya atikan jeung kasusastraan.

### 3) Pikeun masarakat umum

Tina ieu panalungtikan jeung eusi carita novél dipiharep bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sapopoé, bisa méré gambaran jeung kasadaran pikeun ngaléngkah ka hareupna. Salian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan masarakat bisa terus ngamumulé jeung mikagandrung kana hasil karya sastra.